

# ANPECHE PWOPAGASYON COVID-19 NAN VIL NEW YORK!

## PRAN PREKOSYON SA YO:

---



### Rete lakay ou si ou malad

Soti sèlman pou swen ak tèl medikal esansyèl  
oswa pou lòt komisyon esansyèl.



### Kenbe distans fizik

Rete a yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.



### Kouvri figi w

Ou kapab kontajye san w pa gen sentòm.  
Pou pwoteje moun ki antoure w yo kouvri figi w.



### Kenbe men w pwòp

Lave men w souvan avèk savon ak dlo oswa sèvi  
avèk dezenfektan pou men si pa gen savon ak dlo  
ki disponib.

Si w gen plis risk pou w vin malad grav ak COVID-19, ou dwe rete lakay ou leplis  
posib tou. Moun ki gen plis risk yo se granmoun ki gen laj omwen 50 an (granmoun  
ki gen laj omwen 65 an yo gen plis risk toujou), ak moun ki gen lòt pwoblèm sante.

**Al fè tèl:** Gen lokal tèl COVID-19 nan toulèsenk minisipalite yo.  
Pou jwenn yon lokal, ale sou [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest) oswa rele 311.

Pou dènye enfòmasyon yo, ale sou [nyc.gov/coronavirus](https://nyc.gov/coronavirus).

